



**Biwo Pwokirè Jeneral Letitia James
nan Eta New York**

Sekirite pou Travayè ki ap fè Livrezon sou Bisiklèt Elektwonik

PWOTEJE TÈT OU, FANMI W, AK BYEN W

Pifò bisiklèt elekrik, oswa bisiklèt elektwonik, itilize batri lityòm-yon ki konsève yon gwo kantite enèji chimik. Yo gen plis chans pou yo pran dife pase yon batri nòmal. Yo itilize batri sa yo nan scooter elektwonik ak hoverboard yo tou. Si nou itilize yo yon fason ki pa kòrèk, batri lityòm-yon yo kapab lakoz dife, menm eksplozyon, ak gwo blesi oswa lanmò. Nan lane 2021, bisiklèt elektwonik ak scooter elektwonik yo te lakòz 79 moun blese ak kat (4) mouri yon fason ki trajik nan Vil New York.

Nou konnen ou ap travay di epi bisiklèt elektwonik ou a gen valè pou ou. Pwoteje tèt ou pandan ou ap suiv konsèy sa yo.

The smartphone screen shows a news article from Spectrum News 1. The top of the screen displays the time as 12:17 and a 5G signal. The news logo "SPECTRUM NEWS 1" is visible. Below the logo is a photograph of a damaged electric bicycle lying on its side on a street, surrounded by debris and several large lithium-ion batteries. A firefighter is visible in the background. The word "TRANSIT" is printed in a small orange box below the photo. The main headline reads "E-bike batteries caused Sunset Park fire: FDNY". Below the headline, it says "BY JOSEPH KONIG | BROOKLYN" and "UPDATED 4:13 PM ET MAY. 05, 2022". At the bottom of the screen, there are icons for sharing the post on various social media platforms: Facebook, Twitter, NextDoor, Email, Instagram, WhatsApp, and Messenger. The text of the news article states: "Lithium ion batteries used for electric bikes and scooters caused an early Monday morning fire in Sunset Park, FDNY fire marshals said Tuesday. One business on the ground floor was an electric scooter repair business that stored



ACHTE

Achte bisiklèt elektwonik ou a ak batri a nan men yon fabrikan ou fè konfyans:

- » Se laboratwa Underwriter (Underwriter Laboratories, UL) ki sètifye batri ki pi sekirité yo. Chèche logo UL Certified la sou batri a.
- » Pa achte batri ki sèvi deja, ki pa gen mak, oswa ki nan likidasyon. Yo gen plis chans pou yo gen pwoblèm.



KONSÈVE

Detanzantan verifye batri ou a avèk anpil atansyon. Si ou remake li gen nenpòt sant dwòl, likid ki ap koule, oswa chanjman nan fòm oswa koulè, sispann itilize batri a tousuit. Kontakte estasyon ponpye lokal ou a oswa rele 911.



DEPOZE

Pa janm depoze batri ou a dirèkteman nan limyè solèy, oswa prè yon sous ki cho tankou yon radyatè, ki kapab chofe batri a twòp. Tanperati sal la se ki pi bon.

Si ou kapab, depoze batri a nan yon vesò ki kapab reziste ak dife lè ou p ap itilize l.



CHAJE

Chaje batri ou a pandan ou ap itilize kòd ak adaptè alimantasyon fabrikan an ba ou:

- » Plogé chajè a dirèkteman nan yon priz elektrik.
- » Pa itilize miltipriz oswa pa twò chaje priz elektrik la.
- » Pa chaje plizyè batri alafwa.
- » Si batri a chofe twòp, deploge l tousuit.
- » Pa chaje batri a nan priz kouran ki ap chaje lòt aparèy tou – espesyalman lòt atik ki rale gwo kouran, tankou klimatizè.
- » Pa chaje batri a pandan lannuit.

» Pa chaje batri a sou atik oswa pre atik tankou kabann ak kanape ki kapab pran dife.

» Pa kite batri ou a poukont li pandan li ap chaje. Chaje l pandan lajounen, nan yon espas kote ou kapab gen je sou li. Si ou dwe sòti, debranche l epi chaje l ankò lè l ou retounen.

» Pa chaje batri a pre pòt ki kapab bloke sòti a si gen yon dife.

» Si batri w la domaje, pa chaje l. Depoze l deyò epi kontakte depatman ponpye lokal ou a pou w konnen kòman pou elimine l an sekirite.

Risk la vin pi plis si ou ap chaje batri a nan yon espas kote sistèm elektrik la pa byen konsève oswa pa ajou.

JETE BATRI KI NAN BISIKLÈT ELEKTRIK YO

Mete batri yo nan sak poubèl oswa resikle yo lakay pa sekirité – epi li ilegal. Pote batri ou a nan sant resiklaj pou batri a. Ale sou nyc.gov/batteries pou jwenn yon kote ki kapab jete l an sekirite.